

Rezon w yo. Demann lan pral swa pemi oswa rejte. Si pa genyen okenn repons pou demann ou an jiska dat odyans lan, ou dwe prepare w pou kontinye avèk odyans lan. Gade 04 N.C. Kòd Admin. 24D .1105.

Kisa ki pral pase nan odyans fiskal la?

Rèponsab Odyans lan pral kòmanse pandan l ap idantifye chak moun ki prezan pou odyans lan, epi bay enstriksyon sou lòd pou temwanyaj epi kòman odyans lan pral pwosede. Chak pati pral genyen opòtinite pou prezante prèv yo epi kesyone temwen yo. **Note:** Si pati ki depoze konstèstasyon an pa rive prezante pou odyans fiskal la, Konsèy la pral rejte ka a. *Gade* N.C. Gen Stat. § 96-4(q).

Kisa ki pral rive aprè odyans fiskal la fini? Manm konsèy la pral konsidere tout prèv ki te bay nan odyans la, epi emèt yon desizyon ekri ki pral prezante pwoblèm yo ki te devan Konsèy la. Desizyon ekri Konsèy la nan yon ka fiskal rele Opinyon Fiskal. Opinyon Fiskal la pral genyen enfòmasyon sou dwa ou genyen pou fè apèl opinyon an, epi pral voye bay chak pati ki nan ka a. *Gade* N.C. Gen Stat. § 96-4 (q); 04 N.C. Kòd Admin. 24D .1107.

Ki kote mwen kapab jwenn yon kopi Lwa sou Sekirite Travay la?


Lwa sou Sekirite Travay la twouve nan Chapit 96 Règleman Jeneral Kawolin Dinò a epi Tit 4, Chapit 24 Kòd Administratif Kawolin Dinò yo. Ou kapab jwenn yon kopi lwa sou gouvènans lan sou sitwèb DES la nan www.ncesc.com, sitwèb Asanble Jeneral la nan www.ncga.state.nc.us, oswa sitwèb Biwo Administratif Odyans yo nan www.oah.state.nc.us/rules.

Pwogram asirans chomaj la nan Kawolin Dinò administre pa Depatman Komès Kawolin Dinò a.

ENFÒMASYON KONTAK

Konsèy Egzamen
Depatman Komès Kawolin Dinò
Post Office Box 28263
Raleigh, NC 27611
Telefòn: (919) 707-1610
Faks: (919) 715-7193
Adrès imel: BOR@nccommerce.com

Nivo Apèl - TAKS



Pibliye pa Depatman Komès Kawolin Dinò.

Fòmilè NCBOR 570-E (Te Kreye nan dat 99/9999)



OBLIGASYON FISKAL

**ODYANS FISKAL
 DEVAN KONSÈY
 EGZAMEN**

Bwochi sa genyen enfòmasyon enpòtan sou dwa ou yo selon Lwa sou Sekirite Travay la. Li eksplike sa ou dwe espere lè ou enplike nan yon odyans fiskal devan Depatman Komès Kawolin Dinò a, Konsèy Egzamen an.

Si ou pa konfòme w avèk tout egzijans ki etabli pa lwa a, ou kapab pèdi dwa pou fè apèl yo.

Pou demann ki te depoze nan dat 30 Jyen 2013 oswa aprè yo, demandè yo fè sijè ranbousman alokasyon ki te resevwa de nenpòt desizyon ki rejte pandan apèl. N.C. Gen. Stat. § 96-18(g)(2).



Pou plis enfòmasyon sou apèl nan ka obligasyon fiskal yo, vizite “Kesyon ki Souvan Poze” (FAQ) seksyon Depatman Komès Kawolin Dinò, sitwèb Divizyon Sekirite Travay la nan www.ncesc.com.

Usted puede obtener una copia de este folleto en español en la oficina del Departamento de Comercio, División del Desempleo de Carolina del Norte.

Kisa yon kontèstasyon ye?

Yon konstèstasyon se yon apèl. Se yon deklarasyon ekri ki eksplike dezakò w avèk yon rezolisyon oswa rezilta (desizyon) ki te emèt pa Depatman Komès Kawolin Dinò, Seksyon Administrasyon Fiskal Divizyon Sekirite Travay la (Divizyon.) Gade 04 N.C. Kòd Admin. 24D .1101.

Ki dat limit mwen genyen pou m depoze kontèstasyon mwen an ?

Rezolisyon an oswa rezilta w ap kontèste a pral di w ki dat limit pou fè depozisyon apèl ou an. Dat ki masyone nan dokiman an w ap aple a kontwole dat limit lan. Si dat limit lan tonbe nan yon wikenn oswa yon jou konje deta, peryòd apèl la ap fini nan pwochen jou ouvrab la. *Gade* 04 N.C. Kòd Admin. 24D .0104.

Kounyeya mwen fin depoze yon kontèstasyon, kisa mwen ta dwe esepere?

Seksyon Administrasyon Fiskal Divizyon an pral ransanble dokiman depozisyon ka ou an epi transfere yo nan Konsèy Jeneral Divizyon an. Konsèy Jeneral la pral bay yon avoka tach pou reprezante Divizyon. Avoka a pral ekri yon mosyon po voye nan Depatman Komès Kawolin Dinò a, Konsèy Egzamen an (Konsèy), epi mande pou Konsèy la chwazi yon Rèsponsab Odyans pou dirije yon odyans fiskal nan ka a. Konsèy la pral emèt yon lòd konsènan chwa yon Rèsponsab Odyans.

Kisa Ki Konsèy Egzamen an?

Konsèy la te etabli nan 2011 N.C. Sess. Lwa 401. Li fèt avèk twa manm ki dezinye pa Gouvènè a epi konfime pa Asanble Jeneral la pou detèmine prensip avèk pwosedi apèl yo, epi pou tande apèl de desizyon ki pran pa Divizyon an. *Gade* N.C. Gen. Stat. § 96-15.3.

Kisa yon odyans fiskal ye?

Yon odyans fiskal se yon odyans administratif kote pati ki enterese yo pou yon kontèstasyon bay temwanyaj sou sèman epi prezante prèv.

Ki tip pwoblèm ki nan yon odyans fiskal?

Pwoblèm nan yon odyans fiskal enkli (1) elijiblite monetè yon moun pou alokasyon asirans chomaj yo, (2) relasyon jiridik ant yon demandè avèk yon anplwayè, oswa (3) dwa, estati avèk obligasyon yon anplwayè. Yon pwoblèm nan yon odyans fiskal kapab si apèl la te depoze a.

Si apèl la te depoze anreta, ou dwe prepare pou w bay yon rezon legal ki sifizan pou depozisyon anreta a. *Gade* N.C. Gen. Stat. §§ 96-4(q) avèk 96-15(b)(2); 04 N.C. Kòd Admin. 24D .0104.

Kiyès ki dirije odyans lan nan yon ka obligasyon fiskal?

Odyans fiskal yo dirije pa rèsponsab Odyans ki dezinye pa Konsèy la. Rèsponsab Odyans yo se avoka lisansye yo epi dwe manm pèsònèl jiridik Depatman Komès Kawolin Dinò a. *gade* N.C. Gen Stat. § 96-4(q).

Kisa ki rive aprè Konsèy la dezinye yon rèsponsab Odyans?

Rèsponsab Odyans lan pral pwograme yon odyans sou apèl ou an. Avi odyans ou an rele yon Sitasyon pou Odyans, epi genyen enfòmasyon tankou dat odyans lan, lè, epi sijè ki dwe decide pa Konsèy la. Sitasyon an pral voye pa lapòs bay chak pati yo omwen 14 jou anvan dat odyans lan. *Gade* N.C. Gen Stat. §§ 96-4(q) epi (u); 04 N.C. Kòd Admin. 24D .1102.

Èske mwen rekòmande pou m genyen yon reprezantasyon legal nan yon odyans fiskal?

Ou kapab, men li pa egzije pou genyen yon reprezantasyon legal nan pwosedi administratif yo. Demandè oswa anplwayè yo kapab depoze pwòp apèl yo, epi reprezante tèt yo pandan tout pwosesis administratif apèl la, oswa genyen yon reprezantant legal pou reprezante yo. Si ou planifye pou genyen yon reprezantant legal pou reprezante tèt ou, ou ta dwe jwenn yonn anvan tout odyans administratif. *Gade* 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0504.

Kiyès ki kapab yon reprezantant legal?

Yon reprezantant legal dwe yon avoka lisansye, oswa yon moun ki sipèvize pa yon avoka lisansye. *Gade* N.C. Gen. Stat. § 96-17(b) avèk Chapit 84 nan Règleman Jeneral Kawolin Dinò yo.

Ki kote mwen kapab jwenn yon avoka?

Ou kapab rele Asosiyasyon Sèvis Referans Bawo Avoka Kawolin Dinò a gratis nan (800) 662-7660, Èd Legal kawolin Dinò a gratis nan (866) 369-6923, oswa verifye repètwa telefòn lokal ou an.

Èske mwen dwe di Konsèy la oswa Rèsponsab Odyan lan mwen genyen yon reprezantant Legal?

Wi. Selon 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0504(e), avi oswa sètifikasyon yo dwe ekri epi voye bay Konsèy la pou fè pati rejis ofisyèl ka a.

Lè ou genyen yon reprezantant legal, tout enfòmasyon egzije ki dwe voye bay ou yo pral voye sèlman bay reprezantant legal la, sof si ou fè yon demann ekri bay Konsèy la ki genyen lòt enstriksyon yo. *Gade* See 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0504.

Kisa mwen ta dwe fè pou prepare pou odyans lan?

Li avi odyans lan avèk swen. Ransanble nòt ou yo, dokiman, epi tout lòt prèv ki sipòte ka ou an, ou kapab soumèt prèv sa, men ou dwe founi yon kopi dokiman yo bay Rèsponsab Odyans lan epi bay chak pati yo anvan dat odyans lan. *Gade* N.C. Kòd Admin. 24C .0505. Si ou pa founi kopi yo bay lòt pati yo epi avèk Rèsponsab Odyans lan, Konsèy la kapab pa pran prèv sa an konsiderasyon lè y ap pran yon desizyon pou ka ou an. Revize avèk swen dokiman ki pral prezante kòm prèv konviksyon pandan odyans lan. Chwazi temwen ou yo epi fè preparasyon pou yo kapab disponib pou odyans lan. Pou odyans pa telefòn, bay non temwen ou yo avèk nimewo telefòn yo pandan w ap ranpli Kesyonè Odyans pa Telefòn nan ki te vini avèk avi odyans ou an. *Gade* 04 N.C. Kòd Admin. 24D .1103.

Si mwen mande yon temwen pou temwanye volontèman nan odyans lan, oswa pou founi dokiman oswa anrejistreman ki enpòtan pou ka mwen an, epi temwen yo refize, kòman mwen kapab fè temwen yo temwanye?

Ou ta dwe kontakte Rèsponsab Odyans ki masyone nan avi odyans ou an epi mande pou rèsponsab Odyans lan emèt yon sitasyon avèk pwòp lajan yo epi avèk diskresyon. Demann sitasyon yo dwe ekri epi konfòm avèk 04 N.C. Kòd Admin. 24D .1106. *Gade* N.C. Gen. Stat. § 96-4 (k).

Si mwen pa kapab prezante nan odyans lan jan li pwograme a, èske mwen kapab jwenn dat avèk/oswa lè ki chanje?

Petèt. Si li te fèt anvan odyans lan, demann ou an pou repwograme odyans lan dwe ekri epi voye bay Rèsponsab Odyans ki masyone nan avi odyans ou an, epi bay chak pati. Demann lan dwe bay rezon espesifik pou demann lan. Ou dwe montre rezon ki sifizan legalman ki eksplike ou vle repwograme odyans lan. Prepare w pou founi dokimantasyon pou sipòte